

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kegiatan pengajaran mangrupa hal anu penting dina prosés atikan di sakola. Prosés diajar-ngajar mangrupa kegiatan interaksi antara pendidik jeung peserta didik (Setiawan, 2019). Pengajaran basa Sunda miboga opat kaparigelan nu kudu dikawasa ku siswa, nya éta (1) ngaregepkeun, (2) nyarita, (3) maca jeung (4) nulis. Nu jadi puseur dina ieu panalungtikan nyaéta masalah kaparigelan nulis. Kaparigelan nulis mangrupa salasahiji aspék kaparigelan anu penting. Nulis mangrupa kegiatan ngaéksprésikeun pikiran, gagasan, jeung rasa ngaliwatan tulisan (Simamarta, 2019)

Nulis mangrupa salasahiji élemen anu diajarkeun di kelas VII. Dina Kurikulum Merdeka, kelas VII kaasup kana Fase D, anu Capaian Pembelajaranana saperti kieu: *“Peserta didik mampu menyampaikan informasi atau pesan (perasaan, gagasan, pikiran, dan kehendak) dalam berbagai tipe teks tulis nonfiksi dengan menggunakan kosakata yang khas atau idiom bahasa Sunda untuk tujuan tertentu. Peserta didik mampu menyampaikan informasi atau pesan berdasarkan sumber tertentu (fakta, pengalaman, dan imajinasi) secara estetis dan kreatif dalam tipe teks fiksi berbahasa Sunda sesuai kaidah bahasa dan norma budaya Sunda. Peserta didik mampu menuliskan kata-kata dan kalimat sederhana dengan menggunakan aksara Sunda sesuai dengan kaidahnya”*.

Rohani (2020) nételakeun yén dina prosés mikirna, sok mindeng loba bangbaluh pikeun ngalaksanakeuna. Ieu hal bisa ngabalukarkeun kurangna minat dina nulis pangalaman pribadi. Loba faktor anu ngalantarkeunana, contona waé, siswa kurang resep kana pengajaran nulis téks pangalaman pribadi lantaran kurangna kamampuh guru dina ngokolakeun kelas, siswa kurang ngarti kana tiori ngeunaan téks

pangalaman pribadi, siswa can ngawasa kana struktur jeung aspék kaba hasaan dina téks pangalaman pribadi ngabalukarkeun siswa hésé ngébréhkeun naon nu rék ditulis. Siswa ogé kurang parigel dina nulis, sarta siswa teu dibéré bantuan séjén saperti modél atawa média pangajaran.

Loba cara anu bisa dilakukeun ku guru pikeun ngungkulan éta masalah. Salasahijina nya éta ku cara ngagunakeun média pangajaran. Saperti anu ditétélakeun ku Cahyadi (2019) média pangajaran bisa ngoptimalkeun prosés pangajaran jeung mekarkeun siswa mikir kritis. Supaya média pangajaran bisa dimangpaatkeun sacara hadé, guru kudu bisa milih média pangajaran, sarta kudu bisa ngamangpaatkeun sagala fasilitas nu aya di jero kelas atawa di luar kelas. Prosés diajar moal éféktif, saupama guru teu parigel milih média pangajaran anu mantak ngirut pikeun diajar nulis pangalaman pribadi.

Média nyaéta alat atawa sarana anu jadi cukang lantaran pikeun nepikeun bahan pangajaran ti guru ka murid Rasyid & Rohani (2018). Ku ayana média pangajaran, bisa mantuan murid pikeun maham matéri. Lobana média dina proses diajar ngajar bisa jadi sarana pikeun ngahontal tujuan pangajaran. Média visual anu mangrupa gambar bisa jadi salasahiji média anu bisa digunakeun salaku alat pikeun ngajarkeun kaparigelan nulis. Salasahijina nya éta kaparigelan nulis pangalaman pribadi. Gambar bisa ngamotivasi siswa sangkan nyaritakeun hal-hal naon waé nu aya dina gambar. Salasahiji média gambar anu bisa digunakeun dina pangajaran nulis pangalaman pribadi nya éta *Flash Card*.

Média *Flash Card* mangrupa média pangajaran anu bentukna kartu, anu eusina kecap atawa gambar anu saluyu jeung matéri nu bakal diajarkeun, sarta ukurana disaluyukeun jeung kaayaan siswa (Wahyuni, 2020). Ieu téh mantuan guru pikeun nepikeun matéri pangajaran ka siswa.

Tujuan diterapkeunna média *Flash Card* dina pangajaran nulis pangalaman pribadi, nya éta sangkan pangajaran leuwih variatif sarta bisa méré inspirasi ka siswa. Sabab nalika aya média gambar, motivasi siswa bisa kabentuk, daya imajinasina kawangun sarta matériana ogé bisa babari diinget ku siswa. Ku ayana média gambar *Flash Card*, dipiharep siswa leuwih kreatif néangan ide pikeun nulis pangalaman pribadi, sarta leuwih ngarti kana matéri pangalaman pribadi.

Sacara tioritis, ieu média miboga sababaraha kaonjoyan. Nurutkeun Rahman & Haryanto (2014) nétélakeun yén média *Flash Card* miboga sababaraha kaonjoyan nya éta babari dibawa kamana-mana sabab ukurana bisa disaluyukeun jeung kaayaan siswa, cara nyieun jeung ngagunakeuna praktis, babari diinget ku siswa, sarta mantak ngirut siswa sabab pangajarana teu monoton. Salian ti miboga kaonjoyan, média *Flash Card* ogé miboga sababaraha kahéngkérana, Putri (2022) nétélakeun kahéngkérana nya éta peserta didik ukur apal kana matéri anu aya dina gambar, ukuran gambar anu kawatesanan saupama di kelompok anu gede, sarta gambar anu kompléks pisan teu éféktif pikeun pangajaran. Sedengkeun nurutkeun Munthe & Sitinjak (2019) ieu média téh miboga kahéngkérana, nya éta guru ngabutuhkeun waktu anu lila dina prosés nyieun jeung penerapana, sabab unggal kartu kudu dijelaskeun sacara tuluy-tumuluy pikeun ngalatih siswa supaya bisa parigel maca kecap jeung suku kecap. Nalika penerapan *Flash Card* dina awal pangajaran maca, ngabutuhkeun waktu anu lila nepi ka ngaleuwihan tina waktu anu geus ditangtukeun pikeun ngajelaskeun unggal suku kecap. Ieu hal téh bisa ngabalukarkeun média *Flash Card* kurang éféktif pikeun ngaronjatkeun diajar siswa.

Akbar (2020) nétélakeun léngkah-léngkah média *Flash Card* nyaéta mimiti guru nanya ka siswa miboga pangalaman naon waé, saenggeus siswa ngajawab, guru nunjukkeun sababaraha kartu anu eusina mangrupa gambar, tuluy siswa dititah milih gambar mana anu saluyu jeung

pangalamanana. Saenggeus kitu siswa nulis pangalaman pribadi dumasar kana gambar anu dipilihna.

Sacara émpiris, média *Flash Card* téh dianggap éféktif, sabab geus diuji ku sababaraha panalungtik. Nurutkeun Hesti (2020) nétélakeun yén média *Flash Card* bisa ngaronjatkeun kamampuh kaparigelan nulis kosa kecap basa Inggris. Ku kituna, média *Flash Card* dianggap éféktif pikeun ngaronjatkeun hasil diajar siswa. ”, tuluy aya panalungtikan anu dilakukeun ku Arifin (2019) anu judulna “Pengaruh Media Flash Card Terhadap Hasil Belajar Keterampilan Menulis Bahasa Indonesia Murid Kelas IV SD Inpres Paccinongang Kabupaten Gowa”. Hasil panalungtikana nétélakeun yén média *Flash Card* mangaruhan kana hasil diajar bahasa Indonesia dina nulis déskriptif murid kelas IV. panalungtikan anu dilakukeun ku Aminah (2017) anu judulna “Penerapan Model Pembelajaran Concept Sentence Dengan Media Flash Card Untuk Meningkatkan Keterampilan Menulis Puisi (Penelitian Tindakan Pada Siswa Kelas V SD Negeri Tojosari 102 Kota Surakarta Tahun Ajaran 2016/2017”. Ieu panalungtikan téh berhasil sabab saenggeus ngagunakeun média *Flash Card*, kamampuh nulis puisi siswa kelas V jadi ngaronjat. Sawatara panalungtikan di luhur téh museur kana nulis puisi sarta nulis déskripsi. sedengkeun média *Flash Card* pikeun nulis pangalaman pribadi mah can aya nu nalungtik.

Dumasar kana pedaran di luhur, panalungtikan anu judulna “Média *Flash Card* dina Pangajaran Nulis Pangalaman Pribadi (Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas VII C SMP Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajar 2022/2023)”, perlu dilaksanakeun.

1.2 Identifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Identifikasi Masalah

Masalah tina ieu panalungtikan, bisa diidentifikasi ngawengku dua hal, nyaéta ieu di handap.

- a. Kurangna kamampuh nulis pangalaman pribadi, boh dina strukturna boh dina aspék kabahasaana.
- b. Kurangna minat siswa dina nulis pangalaman pribadi.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalahna dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis pangalaman pribadi di kelas VII C SMP Laboratorium Percontohan UPI taun ajar 2022/2023 saméméh ngagunakeun média *Flash Card*?
- 2) Kumaha kamampuh nulis pangalaman pribadi di kelas VII C SMP Laboratorium Percontohan UPI taun ajar 2022/2023 saenggeus ngagunakeun média *Flash Card*?
- 3) Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis nulis pangalaman pribadi di kelas VII C SMP Laboratorium Percontohan UPI taun ajar 2022/2023 saméméh jeung saenggeus ngagunakeun média *Flash Card* ?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung masalah anu dipedar, ieu panalungtikan miboga tujuan anu rék dihontal, nya éta aya tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan ieu panalungtikan nya éta pikeun nguji éféktivitas média *Flash Card* dina nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII C SMP Laboratorium Percontohan UPI taun ajar 2022/2023 sarta bisa jadi bahan pikeun guru nalika milih média pangajaran anu éféktif pikeun kagiatan pangajaran.

1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh nulis pangalaman pribadi di kelas VII C SMP Laboratorium Percontohan UPI taun ajar 2022/2023 saméméh ngagunakeun média *Flash Card*;
- 2) kamampuh nulis pangalaman pribadi di kelas VII C SMP Laboratorium Percontohan UPI taun ajar 2022/2023 saenggeus ngagunakeun média *Flash Card*, sarta
- 3) béda anu signifikan antara kamampuh nulis pangalaman pribadi di kelas VII C SMP Laboratorium Percontohan UPI taun ajar 2022/2023 saméméh jeung saenggeus ngagunakeun média *Flash Card*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Luyu jeung tujuan panalungtikan, ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat, boh sacara tioritis boh sacara praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun mekarkeun tiori média pangajaran nulis dina basa Sunda, khususna nulis pangalaman pribadi. Dipiharep hasilna bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran nulis pangalaman pribadi. Lian ti éta, ieu panalungtikan téh dipiharep sangkan ngaronjatkeun kaéfektifan guru dina nyiptakeun jeung ngagunakeun média pangajaran pikeun bahan pangajaran basa Sunda sangkan nalika prosés pangajaran teu monoton.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep sangkan bisa méré mangpaat praktis, nyaéta.

- 1) Pikeun siswa, bisa ngalatih kamampuh nulis pangalaman pribadi sarta nyangking suasana diajar anu nyugemakeun.
- 2) Pikeun guru, bisa dijadikeun bahan ajar pikeun pangajaran nulis di kelas VII dumasar kana Kurikulum Merdeka.

- 3) Pikeun masarakat, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh ka nu maca, hususna dina nulis pangalaman pribadi.
- 4) Pikeun panalungtik, bisa ngajembaran élmu pangaweruh tina paélmuan anu ditalungtik, sarta miboga data hasil panalungtikan ngeunaan éféktivitas média *Flash Card*.

1.5 Raraga Nulis

Ieu skripsi disusun jadi lima bab, sakumaha dipedar ieu di handap.

Bab 1 bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II ulikan pustaka, eusina ngeunaan tiori-tiori anu ngadadasaran panalungtikan, pedaran ngeunaan panalungtikan saméméhna, kalungguhan tioritis, raraga mikir, jeung hipotésis.

Bab III métode panalungtikan, eusina ngeunaan désain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, prosédur panalungtikan, jeung analisis data hasil panalungtikan

Bab IV hasil jeung pedaran, eusina ngeunaan hasil panalungtikan, sarta pedaran hasil panalungtikan.

Bab V kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi. Kacindekan nyaéta intisari tina sakabéh pedaran. Dina ieu bab, ditambah ku subbab implikasi jeung saran nu ditepikeun ku nu nulis ka nu maca sangkan ieu panalungtikan bisa méré mangpaat pikeun kahareupna.